



Pou Piblikasyon Imedya: 13/08/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 6 MILYON DOLA NAN SALÈ KI VÒLÈ YO REKIPERE  
POU SOUDÈ AK FEWONYE YO APRE ANKÈT KONJWEN AVÈK DEPATMAN  
TRAVAY ETA NEW YORK LAN AK PWOKIRÈ DISTRI MANHATTAN LAN**

***Pigwo Rekouvreman Salè Endividyèl nan 115 Ane Istwa DOL lan***

***Anplwaye a Plede Koupab pou Vòl Salè yo, li Kondane pou Vòl Kalifye***

***AGL Industries Pral Retounen Salè yo Volè yo pou 499 Travayè***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yon ankèt konjwen ant Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta New York lan ak Fòs Entèkansyon sou Fwod nan Konstriksyon (Construction Fraud Task Force) Pwokirè Distri Manhattan lan te dirije yon akò pledwaye ki pral retounen apwoksativman 6 milyon dola nan salè ki vòlè pou anviwon 500 soudè ak fewonye, se pi gwo rekouvreman salè endividyèl nan 115 ane istwa DOL lan. Ankèt la te kòmanse apre yon referans Pwokirè Distri Manhattan lan ak Iron Workers Local 361 te bay an Fevriye 2018.

"Nou gen zewo tolerans pou nenpòt biznis ki ap eksplwate travayè yo epi vòlè anplwaye yo salè ke yo travay di pou yo a - pwen final", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Avèk akò pledwaye sa a nou ap rann AGL Industries responsab pou pratik fwodilez li yo epi pou li retounen salè li vòlè yo bay plizyè santèn soudè ak fewonye yo."

Ankèt konjwen an re revele ke soti Novanm 2013 rive Desanm 2017, AGL Industries - ki baze nan Maspeth, Konte Queens - te vòlè travayè yo nan peman èdtan siplemantè ak salè yo dwe yo epi li te rapòte enfòmasyon fwodilez bay Eta a. Lè travayè yo te soulve preyokipasyon yo konsènan peman an mwens bay konpayi a, yo te di yo ke pa gen anyen yo kapab fè pou resevwa salè nòmal yo.

Viktwa monimantal sa a pou travayè konstriksyon yo—ki te fè fas ak kèk kondisyon travay ki plis trèt pase nenpòt ki endistri ak eksplwatasyon jeneral—se represyon wo pwofil ki pi resan Fòs Entèkansyon an ki vize pouswiv vòl salè nan tout mezi lalwa pèmèt.

Konpayi fabrikasyon asye estriktirèl la te admèt Vòl Kalifye nan 3yèm Defre epi li pral retounen lajan an sou yon plan senk ane, kòmanse avèk peman 1.5 milyon dola 13 Out lan. Ofisyèl konpayi an Dominic Lofaso te plede koupab tou pou yon enfraksyon Klas D pou Vòl Kalifye.

An total, AGL pral responsab pou 6.25 milyon dola nan restitasyon, sa ki anplis restitasyon salè gen ladan tou 260,855 dola nan kontribisyon yo dwe fon Asirans Chomaj Eta a.

**Komisè Depatman Travay la, Roberta Reardon, te di,** "Vòl salè ak fwod pa gen okenn plas nan New York, epi yo pral rann responsab konpayi san eskripil sa yo ki ap vyole lalwa. Mwen remèsye anketè dilijan nou yo ak pwokirè Manhattan yo, ansanm ak enfòmasyon Local 361 an ki te ede ekspoze eskwo sa yo epi trennen yo lajistis".

**Cyrus Vance, Pwokirè Distri Manhattan, te deklare,** "Kondanasyon anblemantik sa a pral ranbouse prèske 6 milyon dola bay travayè yo te vòlè salè yo gen dwa ak li a. Plizyè santèn fewonye ak soudè pral wè kounye a salè yo ranbouse, gras ak Fòs Entèvansyon sou Fwod nan Konstriksyon Biwo mwen an - ki te ranbouse apwoksativman 7.4 milyon dola bay travayè yo depi kreyasyon li - ak Depatman Travay Eta New York lan. Nou angaje pou konbat vòl salè, sa ki gen enpak sou anplwaye yo nan tout endistri yo, men li espesyalman komen nan endistri konstriksyon an. Mwen ankouraje nenpòt moun ki gen salè ke yo ap volè pou yo pou kontakte Fòs Entèvansyon an atravè WhatsApp nan (646) 712-0298, kote ou kapab soumèt konsèy yon fason anonim".

**Matthew Chartrand, Direktè Komèsyal pou Ironworker's Local 361 te deklare,** "Se travay nou kòm lidè pou ede tout travayè yo lè yo ap fè yo ditò. Atravè efò Fòs Entèvansyon sou Fwod nan Konstriksyon an, ansanm ak gran ekip Depatman Travay la, yo ap trennen devan lajistis youn nan move jwè nan domèn konstriksyon an. Mèsè ak nou tout— sa se yo gwo travay pou avantaj travayè yo!"

An 2018, Depatman Travay Eta New York la te kolekte prèske 35 milyon dola epi li te retounen lajan sa a bay apeprè 35,000 travayè ki te viktim vòl salè ak vyolasyon travay piblik yo. Depi 2011, DOL la te rekipere prèske 300 milyon dola nan salè yo vòlè epi li te retounen li bay plis pase 280,000 travayè ke anplwayè yo a te vòlè.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)